

## Urukaratasi rwo ku Bitaro rwo Kuzuzako Amakuru Araba Iyipimwa vya COVID-19 Vyavomwe

### Igihimba ca A: Amakuru y'Umwidondoro

IZINA (Ry'umuryango)	(Iritazirano)	(Indome itangura irindi zina)
ADERESE YO KURUNGIKAKO IKETE		
IGISAGARA	RETA	NOMERO IRANGA RETA
ITARIKI Y'AMAVUKA  _____/_____/_____ Ukwezi / Umusi / Umwaka	NIMERO YA TEREfone	
AHANTU IBITARO BIRI/KUVOMA IBIPIMWA:		

### Igihimba ca B: Amakuru araba Ivomwa ry'Iyipimwa

Ku biraba isuzuma ry'intango rya SARS-CoV-2, CDC bihanura kuvoma no gupima ibipimwa vyo mu bihimba vyo hejuru ukoresheje agati kariko agapamba kabugenewe kugira uvome ibipimwa.

Agati kariko agapamba kinjizwa mu mwenge w'izuru bukebuke n'imiburiburi gushika kuri cm 1 (0.5 inch) kandi ugaca wegereza cane ku gashishwa gakingira mw'izuru imbere wunguruza agapamba kandi ugaca ukarindiriza mu misegonda kuva kw'icumi 10 gushika kuri 15. Ubwo rero ugaca ugakuramwo bukebuke maze ukavoma ibipimwa mu wundi mwenge w'izuru ukoresheje ako gapamba nyene.

### Igihimba ca C: Amakuru y' Ingene Gusabikanya Amakuru Bwite y'Amagara y'Umuntu Bikorwa

Mu biraba igikorwa co gupima, ndategera neza kandi ndemeye, ku bindaba na/canke ku biraba umwana ataragera mu bigero atarashikana imyaka 18 na/canke ari igikorwa kiraba ubutungane, ko amakuru araba amagara yanje bwite (amazina yanje, itariki y'amavuka, ibipimwa n'inyishu z'ibipimwa) azoronswa abandi batari abo mu Bushikiranganji Bujeje Amagara y'Abantu i Vermont (CIC Health, CareEvolve na Ellkay) mu ntumbero yonyene yo gutunganya ibipimwa vyanje, gutohoza no gutanga uburenganzira bwo kubipima, hamwe bibereye, kandi no kunshikiriza inyishu z'ibipimwa no kuzishikiriza Ubushikiranganji Bujeje amagara y'abantu. Ubushikiranganji Bujeje Amagara y'Abantu n'abandi bategerezwa kubaha ibisabwa n'amategeko agenga ugukingira amakuru y'amagara bwite, harimwo na HIPAA, kandi bagakoresha utwigoro dushoboka mu budandaji ntibashire ahabona amakuru yerekeye ubuzima atuma abandi batahura nyeneyo, kiretse mu buryo bukurikira: hakenewe gutabara vyihutirwa; mu ntumbero yo kurondera abantu begeranye n'umurwayi; mu kumenyesha abandi akaga kabashikira kandi mu yandi majambo mu buryo burekuriwe canke busabwa n'amategeko.

Ndemeza kandi ko naronkejwe amakuru yanditse mu nyandiko y'amabwiriza agenga ingene amakuru y'ibanga akoreshwa muri Reta ya Vermont [[Aho bafyonda kugira bugurure urubuga](#)] co kimwe n'amategeko kadondwa araba amakuru y'ibanga y'abo bandi [[Aho bafyonda kugira bugurure urubuga](#)]. Ndategera kandi ko amakuru araba amagara yanje ashobora gukoreshwa, ku rukaratasi rutariko amazina yanje, mu ntumbero y'ubushakashatsi ubwo ari bwo bwose bubereye mu kuryohora ingene umuntu yotegera neza SARS-CoV2 na/canke COVID19, mu gukora isuzuma, mu buvuzi, no gushigikira ubuhinga canke tekini ziteye imbere, bitagira akarimbi.

Nimba ufise ibibazo, nyabuna witure: [margaret.robinson@vermont.gov](mailto:margaret.robinson@vermont.gov) canke ubaze umuntu yagushikirije uru rukaratasi rwo kuzuza.

### **Igihimba ca D: Kwemera Gutanga Uburenganzira ku Bushake**

Nshize igikumu hasi, ni uko mba nemeye ibikurikira:

- Nihweje amakuru y'ingene ibipimwa vya COVID-19 bivomwa n'ingene amakuru araba amagara yanje ashikirizwa abandi n'ingene akingirwa.
- Naronse akaryo ko kubaza ibibazo.
- Ndekuriye uburenganzira ku bushake Ubushikiranganji Bujeje Amagara y'Abantu i Vermont co kimwe n'abandi bashize hamwe (CIC Health) kuvoma ibipimwa no gufata ingingo nkenerwa zo gupima mu nyuma ivyo bipimwa basuzuma COVID-19.
- Ndategera neza kandi ndemera ku bushake ko hamwehamwe amakuru araba amagara yanje ashikirizwa abandi (CIC Health, ixLayer) mu ntumbero yo gusuzuma mu buvuzi no gukingira amagara y'abanyagihugu (harimo no guca uduce dutoduto mu ngirabuzima y'umugera bakoresheje ibipimwa bitariko amazina ya nyenevyo).
- Naronse akaryo ko kwihweza inyandiko y'amabwiriza agenga amakuru araba amagara bwite y'Ubushikiranganji Bujeje Amagara y'Abantu n'amategeko y'abandi agenga amakuru araba amagara bwite kandi nemeye ayo mabwiriza.

**Amazina:** \_\_\_\_\_

**Igikumu:** \_\_\_\_\_

**Itariki:** \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_

### **Hamwe umuntu ategerezwa gupimwa atarashikana imyaka 18 y'amavuka:**

**Amazina y'Umuvyeyi/Umuntu Ufise Uburenganzi bwo Gukingira Umwana:**

\_\_\_\_\_  
\*Hamwe ari umwana ataragera mu bigero abana n'umuntu amurera, igikumu c'umuhagarikizi wemewe ni nkenerwa.

**Igikumu c'Umuvyeyi/Umuntu Ufise Uburenganzi bwo Gukingira Umwana:**

\_\_\_\_\_ **Itariki:** \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_

\_\_\_\_\_  
\*Hamwe ari umwana ataragera mu bigero abana n'umuntu amurera, igikumu c'umuhagarikizi wemewe ni nkenerwa.

\*\*\*\*\*

Amazina, Ikibanza c'akazi n'Igikumu c'Umuhinga muvy'Amagara Avoma Ibipimwa:

Ubwoko bw'Ibipimwa Bivomwa:  NP  Mu mwenge w'izuru

\_\_\_\_\_  
Amazina (Mu ndome nininini)  
vyerekana ko yagenywe muri ayo mabanga

\_\_\_\_\_  
Ikibanza c' Akazi/Ivyemeza

\_\_\_\_\_  
Igikumu

Itariki: \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_